

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY GID ENFÒMASYON POU PARAN ENSKRI NOUVO ELÈV

“The Federal and State Compliance Office (FASCO)” (Biwo Konfòmite Federal ak Eta a) prepare dokiman sa a pou bay konsèy ak ede paran yo avèk enskripsyon elèv yo.

AKSYON OBLIGATWA: Endike entansyon an pou enskri yon elèv lè ou prezante tèt ou an pèsòn ak timoun nan (yo) nan lekòl yo asiyen ki baze sou rezidans aktyèl la.

Yo asiyen tout elèv pou yo ale nan yon lekòl yo deziyen nan Distri a baze sou adrès kote paran yo abite, amwenske timoun nan resevwa yon asiyasyon pou yon lòt lekòl atravè Transfè Chwa Paran, oubyen atravè Biwo Chwa Lekòl ak Opsyon Paran an.

- Pou jwenn lekòl yo asiyen pitit ou sou baz adrès kay kote ou abite, silvouplè [KLIKE LA A](#).
- Pou jwenn lis adrès imèl direktè/tris la, si w gen nenpòt kesyon, [KLIKE LA A](#).

Règ Komisyon Konsèy Lekòl 5112-Obligasyon pou Antre Lekòl etabli obligasyon pou admisyon ak enskripsyon pou elèv ki ap antre lekòl.


DOKIMAN W AP BEZWEN NAN MOMAN ENSKRIPSYON AN:

- [Verifikasyon laj ak non legal](#)
- [Verifikasyon adrès kay kote paran la abite kounye a](#)
- Obligasyon Sante ak Vaksen, [KLIKE LA A](#)

PRÈV LAJ: Chak timoun ki ap premye antre nan Distri la dwe pwouve laj li ak vrè dokiman yon ajan gouvènmantral bay. Si yo pa prezante prèv laj ki akseptab lè timoun nan ap premye enskri, direktè/tris la ap enskri timoun nan tanporèman e bay paran an trant (30) jou pou asire li pote bon prèv vini.

VERIFIKASYON ADRÈS: Nou mande verifikasyon adrès paran la atravè yon “Statement Bonafide Residence” – (Deklarasyon Bònfwa sou Rezidans) - [FM-7444](#) nan lè yo ap enskri timoun nan nan yon lekòl Distri a.

VAKSEN AK EGZAMEN FIZIK: Lwa Florid 1003.22, fè konnen Depatman Sante Florid mande Komisyon Konsèy Lekòl chak distri, anvan yo aksepte chak elèv, oubyen si yo nan lekòl leta oubyen prive nan Florid oubyen lekòl prive nan klas matènèl-12èm ane eskolè pou yo prezante oubyen pou yo dwe genyen nan dosye yo yon “Florida Certificate of Immunization” (Sètifika Vaksen Florid) (DH-680). Paran/gadyen yo dwe rele doktè yo pou yon randevou, pandan yo toujou ap kontinye fè vizit pou sante. Paran yo ka eksplike timoun nan bezwen ale kay doktè pou yon egzamen fizik ak vaksen pou li antre lekòl. Si paran/gadyen an gen difikilte finansye oubyen si paran/gadyen an pa gen yon doktè prive, yo ka kontakte Inite Espesyal pou Vaksen nan “Florida Department of Health (DOH)” (Depatman Sante Florid) nan Miami-Dade County nan (786) 845-0550 pou pwograme yon randevou pou resevwa vaksen GRATIS POU antre lekòl, e “Federally Qualified Centers (FQC)” (Sant Federal Kalifye) nan Miami-Dade County ap fè egzamen sante fizik pou antre lekòl baze sou revni paran/gadyen an. Pou plis adisyonèl, silvouplè [KLIKE LA A](#).



FÒM W AP BEZWEN NAN MOMAN ENSKRIPSYON AN:

- Fòm Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la (FM-5196)
- Deklarasyon nan Moman Enskripsyon an (FM-5740)
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans Elèv la (FM-2733)
- Fòm Kesyonè Pwojè 'UP-START' Elèv la (FM-7378)

Fòm Enfòmasyon Ijans Elèv la konsène lè yo ap lage elèv la bonè. Paran ki siyen/verifeye fòm sa a responsab pou li bay enfòmasyon ki kòrèk e presi. Si paran elèv la divòse oubyen yo separe, **paran ki enskri elèv la** responsab pou li bay enfòmasyon ki konsistan avèk desizyon tribinal pi resan ki gouvènè kesyon tankou divòs, separasyon oubyen gadyen yon timoun.

Deklarasyon Elèv la: Chak elèv nan moman enskripsyon inisyal nan lekòl la dwe fè konnen si yo te ekspilse li nan yon lekòl anvan, si yo te arete li akoz yon chaj tribinal, yo te pran aksyon jistis jivenil kont li, e li dwe fè konnen si gen nenpòt rekòmandasyon ki koresponn ak sèvis sante mantal yon distri lekòl kote elèv la te ye anvan.

Pwojè UP-START ap chèche asire yon eksperyans edikasyonèl ki gen siksè pou timoun ak jèn k ap viv nan lojman enstab nan Miami-Dade County nan kolabore avèk paran, fanmi, lekòl, ak kominote a nan ouvri pòt opòtinite akademik, retire obstak, e pwomote bonjan amou pwòp ak espwa pou yon demen meye. Pou plis enfòmasyon, Silvouplè [KLIKE LA A](#).

RAPÈL ENPÒTAN POU PARAN/GADYEN

KONDISYON OBLIGATWA POU LAJ NAN EDIKASYON: Tout timoun ki gen laj sis (6) ane, oubyen ki pral gen laj sis (6) ane 1ye fevriye oubyen aprè nan nenpòt ane lekòl, oubyen ki gen plis pase sis (6) ane men ki poko gen laj sèz (16) ane, eksepte si lwa Florid konsidere sa otreman, dwe ale lekòl regilyèman pandan tout tèm ane lekòl la.

ELÈV JADENDANFAN: Nenpòt timoun ki pral gen laj senk (5) ane nan jou 1ye septanm oubyen anvan nan ane lekòl la ap elijib pou enskri nan jadendanfan nan nenpòt lè pandan ane a. Yon elèv jadendanfan ki ap transfere elijib pou enskri nan Distri a si li te satisfè kondisyon pou laj andeyò Florid e timoun nan te enskri nan zòn li soti a nòmalman.

Nou ap asiye Elèv k ap transfere soti nan lekòl elemantè pou ale nan lekòl mwayen, oubyen soti nan lekòl mwayen pou ale nan lekòl segondè, otomatikman nan lekòl katye yo.

LEKÒL CHWA/TRANSFÈ ELÈV: Distri a asiye tout elèv pou yo ale nan yon lekòl yo deziye pou yo, zou baz adrès kote paran yo abite, amwenske yo asiye elèv la nan yon lòt lekòl atravè Transfè Chwa Paran, oubyen atravè Biwo Chwa ak Opsyon Paran an.

Si w ta renmen chwazi yon diferan lekòl pou pitit ou e mande yon transfè, ou ka fè sa atravè plizyè opsyon:

- Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Magnet ak Pwogram Chwa, silvouplè [KLIKE LA A](#).
- Pou plis enfòmasyon konsènan Transfè Chwa Paran, [KLIKE LA A](#).
- Silvouplè itilize [Google Chrome](#), [Mozilla Firefox](#), oubyen [Microsoft Edge](#)*

Lèt Enfòmasyon:

- Anplwaye lekòl la dwe bay paran yo sitwèb pou Pwogram Family Court Self-Help nan <http://www.jud11.flcourts.org/Family-Court-Self-Help-Program>.
- Pou sipò avèk enskripsyon yon elèv, paran ka imèl direktè/tris Lekòl Katye yo dirèkteman, rele biwo enskripsyon nan lekòl yo asiye pitit yo baze sou adrès yo oubyen rele anplwaye FASCO yo nan 305-883-5323.
- Pou plis enfòmasyon konsènan enskripsyon elèv, paran ka vizite paj entènèt FASCO a nan attendanceservices.dadeschools.net.
- Se sèlman paran ki enskri elèv la ki ka mande yon transfè oubyen retire elèv la.